

RINGKÉSAN

Nganalisis kaasup kana kagiatan maca, margi sabot urang nganalisis hiji téks nya anu dipigawé munggaran nyaéta maca. Kaparigelan maca bakal ngagam-pangkeun siswa dina nganalisis hiji téks, tina segi eusi, wangun, ogé kabasaanana. Patali jeung wawaran kasebat, nu nulis katarik ngalakukeun panalungtikan kalawan ngagunakeun modél *means-ends analysis* (MEA).

Rumusan masalah nu nulis ajengkeun nyaéta (1) Naha nu nulis mampuh ngarancang, ngalaksanakeun, sarta menteun pangajaran nganalisis wangun téks négosiasi kalawan ngagunakeun modél *means-ends analysis* (MEA) dina siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung? (2) Naha siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung mampuh nganalisis wangun téks négosiasi? (3) Naha modél *means-ends analysis* (MEA) épéktip digunakeun dina pangajaran nganalisis wangun téks négosiasi ka siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung?

Anapon hasil panalungtikan ieu nyaéta. (1) Nu nulis mampuh ngarancang, ngalaksanakeun, sarta menteun pangajaran nganalisis wangun téks négosiasi kalawan ngagunakeun modél *means-ends analysis* (MEA) dina siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung. Hal ieu dibuktikeun tina peunteun rata-rata ngarancang sarta ngalaksanakeun pangajaran saageung 3,68. (2) Siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung mampuh nganalisis wangun téks négosiasi. Hal ieu dibuktikeun tina peunteun rata-rata *pretest* nyaéta saageung 43,9 sarta peunteun rata-rata *posttest* saageung 75,3. Janten, aya kanaékan saageung 31,4. (3) Modél *means-ends analysis* (MEA) épéktip dianggo dina pangajaran nganalisis wangun téks négosiasi. Hal ieu dibuktikeun tina hasil étangan statistik kalawan hasil $t_{\text{étang}} > t_{\text{tabél}}$, nyaéta $12,6 > 2,05$ dina tingkat andelan 95% kalawan tingkat signifikan 5%, sarta derajat kabebasan 27.

Dumasar kanyataan kasebat, bisa dicindekeun yén nu nulis mampuh ngalaku-keun pangajaran nganalisis struktur téks négosiasi kalawan ngagunakeun modél *means-ends analysis* (MEA).

Kecap konci: nganalisis, modél *means-ends analysis*, téks négosiasi.